PANGAOS LANGGANAN
1 sasih f 1.70, sakwartaal f 5.—
loear Indonesie f 7.50,
pembajaran ti pajoen.

Kantoor & Drukkerij
Pasarstraat 36.
Telefoon No. 51

# „SIPATAHOENAN"

Di kaloearkeun koe Pagoejoeban „Pasoendan" tjabang Tasikmalaja saban dinten kadjabi Ahad sareng dinten noe dimoeljakeun

Hoofdredactie: Bakrie Soeraatmadja sareng A. S. Tanoewiredja

Agent - agent Sipatahoenan: de Globe di Amsterdam, Fortuna di Kebondjatiweg No. 5 Bandoeng telefoon No. 2665 R. Achmad Sobandi Garoet, R. Moehanda di Tjiandjoer, Karmasoedirdja Gang Mantarena 10 Bogor, sareng D. Wirianata di Tjiamis

ADVERTENTIE: Sadjadjar kolom f 0.30 pangsaeutikna sakali moeat f 3.—.
Harga langganan badami

Telefoon:
A. S. Tanoewiredja No. 121
Heerenstraat No. 14

No. 49 — Salasa 3 Maart 1931 — 13 Sawal 1349 — Taoen ka 8


## Economie Indonesier.

Djaman tigerat mingkin lila mingkin pohara, djalma noe nganggoer mingkin lila mingkin ngaresan, toeroeg toeroeg economiena bangsa oerang mingkin lila mingkin moendoer bae. Kamoendoeran economie bangsa oerang teh, noe djadi babakoe pisan mah, lantaran kasedekeun koe ti mana mendi. Ieu koe oerang koedoe diakoe, da memang enja kitoe boektina.

Anoe djadi djalan ngamadjoekeun economie teh, babakoena pisan tina dagang, tani djeung pakasaban anoe sedjen.

Padagang di bangsa oerang, lamoen dibandingkeun djeung padagang sedjen bangsa noe aja di lemah tjai oerang, daek teu daek koedoe ngakoe, geus ka tinggaleun katjida djaoehna.

Patani bangsa oerang oepama dibandingkeun djeung patani bangsa deungeun noe aja di lemah tjai oerang bae, koedoe roemasa geus djaoeh mela meloe pisan. Ari bangsa oerang mah, rata ratana ngan oekoer sabaoe doea baoe bae, tapi tatanen bangsa deungeun mah, kawasna henteu poeas lamoen henteu reboean baoe teh.

Nja kitoe deui dina pakasaban pakasaban anoe sedjen, keukeuh ngan rek tinggaleun bae. Ieu teh tjatjakan di lemah tjai oerang keneh, geus sakitoe ka desehna teh.

Perkara dagang djeung tani, di dieu saheulaanan henteu koedoe ditjaritakeun, tapi eta bae heula roepa roepa pakasaban atawa patoekangan oerang tilik heula boekti-boektina.

Bener pisan bangsa oerang geus aja noe ngabogaan roepa² pabrik, kajaning pabrik sereh, pabrik enteh, pabrik atji djeung sabangsana. Tapi kabeh oge henteu aja anoe make parabot modern.

Bener bangsa oerang geus aja noe ngabogaan lio kenteng atawa bata, aja noe ngabogaan tegelfabriek, tapi henteu aja noe ngabogaan parabot modern. Koe sabab paparabotan pabrik-pabrik bangsa oerang tea henteu aja noe modern, tangtoe bae pagaweanana teh henteu bisa gantjang sarta irit ongkosna, beda deui djeung pabrik-pabrik bangsa deungeun, ngantjang digawena sarta irit ongkosna.

Koe sabab digawena henteu bisa gantjang, sarta ongkosna henteu bisa irit, kapaksa henteu bisa bersaingan djeung boeboeatan bangsa deungeun, lantaran kaelehkeun henteu modern parabotna tea.

Pertjaja pisan, tangtoe bangsa oerang oge lamoen aja pakeunmah hajang ngabogaan pabrik pabrik anoe modern parabotna, tapi lantaran karereanana mah heureut pakeun koerang bahan tea, kapaksa ngetrik tjara noe ajeuna geus djalan bae.

Djadi beunang diseboetkeun henteu aja madjoena.

Sakalieun teh aja noe rada tjoekoep kapitaalna, tapi kanjahoan henteu sakoemaha djerona toer henteu daek tatanja ka ahlina, soepaja pinanggih djeung kamadjoeanana.

Oepama kaajaan pakasaban bangsa oerang tetep bae henteu aja madjoena, saeutik pisan pangharepan kana bisana lana dina oesoem tigerat kieu mah.

Tapi asa katjida henteu kahar tina lamoen rek tjaringtjingeun bae mah. Da bangsa deungeun oge pinanggihna djeung kamadjoean teh, taja lian ngan koe henteu eur eun eureun ichtiar bae.

Ihtiarna bangsa deungeun dina bab ngamadjoekeun pakasabanana koedoe koe oerang dipake tjonto. Da deungeun deungeun oge, henteu kabeh koeat koe modal, tapi karereanana mah koe djalan aandeelen bae, nepi ka dina hidji pakasaban teh sababaraha oerang anoe bogana.

Nja kitoe deui, sanadjan saha bae oge, lamoen hajang manggih kamadjoean teh, oepama henteu kabedag koe pangarti sorangan, nja nanjakeun ka ahlina bae.

Padahal ajeuna Pamarentah geus ngajakeun Nijverheidvoorlichtingdienst, eta teh geusan tanjaeun sarerea, tapi bangsa oerang mah arang langka pisan noe daek tatanja ka dinja. Dja di koe sabab eta, lamoen kamadjoeanana henteu kapikir, koe sorangan teh, loepoet henteu aja daja deui.

Meungpeung ajeuna tigerat teh henteu atjan sakoemaha bangetna, da koe wangwangan mah tangtoe mingkin lila mingkin keras bae, meudjeuhna ti ajeuna ngahadean sagala djalanna pakasaban tea.

Moendoerna pakasaban Indonesiers, hartina saroea bae djeung roeksakna economie bangsa Indonesia, padahal economie teh djadi djalan pikeun ngoedag kana sagala kamadjoean. Aremoetkeun!

## Gentra Istri

### Ngarendahkeun daradjatna awewe.

Kamari koering geus noelis dina ieu soerat kabar, njaritakeun awewe noe sok boeboroengan miloe iring iringan dina Tjapgome, marake papakean lalaki djeung noeroetan Cowboy sagala.

Ajeuna penah koering rek ditodjokeun ka golongan lalaki. Koe sabab kamari toelisan koering geus pandjang teuing, djadi noe rek diadreskeun ka lalaki mah ajeuna bae.

Dina iring iringan Tjapgome tea, ngingetkeun kana taoen taoen toekang mah, rea lalaki noe niron niron make papakean awewe. Roengkak rengkakna djiga pamolah awewe, mending moen djiga onaman, da ieu mah djeung kaleuwihan make toewal towel sagala ka lalaki teh. Henteu naon naon kitoe tea mah, da pada lalaki deui. Tapi orakaja ieu teh hartina saroea bae djeung ngarendahkeun daradjatna awewe, komo lamoen njaroena tjeples pisan djiga awewe mah, meureun 'koe noe teu njaho teh, disangka awewe enjaan bae.

Aja deui bae noe leuwih pikasebeleun teh, nja eta lalaki noe niron niron awewe make reureuneuhan sagala, leumpang palaja peleje, koetjap kitjeup loenggak linggek pikaidjideun pisan. Moal hade oepama koedoe njeboetkeun noeroestoeen djoeng onaman.

Ajeuna mingkin tetela pisan, simanahoreng noe ngarendahkeun daradjatna awewe teh, lain ngan awewe deui bae, tapi lalaki oge henteu koerang-koerang

Lah, nja eta atoeh, abong enja daradjat awewe teh aja di handap, hajoh koe sarerea mingkin dikahandapkeun bae. Aboug deui ieu mah.

Koering henteu ngewa kana sagala kamonesan, tapi kamonesan anoe loetjoe lain noe pikareheeun. Eta mah kamonesan anoe rehe, tjara noe geus diseboetkeun di loehoer, ti batan hajang mikajoengjoen mah, kalah ka hajang ngantjoeuan, tjoen tjoen, eta atoeh.

Tah, ajeuna kari hajang njaksian dina waktoena Tjapgome tea, naha rea keneh eta toekang boehoeroengan teh, boh lalaki boh awewe, sakoer noe ngarendahkeun kana daradjatna kaoem istri, njieun loeloetjon noe teu matak loetjoe.

Teu kaharti kabina bina, meureun eta lalaki noe sok make papakean awewe teh, papakeanana meunang ngindjeum ti awewe, sanadjan lain ti pamadjikanana oge meureun ti awewe sedjen, da pirakoe ari ngadadak njieun mah. Koe asa harianeun, oejoehan mikeun awewe noe di indjeuman tea. Na henteu karasaeun kitoe, jen eta teh ngarendahkeun kana daradjatna awewe keneh.

Tah, ajeuna mah oerang koedoe tjaritjing, bisi aja lalaki noe ngindjeum papakean awewe keur boeboeroengan dina waktoena Tjapgome, poma oelah rek dibere.

Istri Bandoeng.

## Indonesia

### Bedja ti Pamanoekan Tjiasemlanden.

(Ti medewerker Djadja)

**Kamadjoean Soebang.**

Katjida katara bedana, boh pangeusina boh kamadjoeanana kota Soebang. lamoen di bandingkeun antara 5 taoen katoekang oge geus meh 50% naek na kamadjoean, katambah koe initiatiefna Bestuur Pasoendan Soebang, geus beh sakolana, djeung dina kamadjoean anoe nempatanana.

Toenil Resmi Galih, keur waktoe noe noelis aja di Soebang mah istoe beunang diseboetkeun loemajan keneh pisan, boh kaajaanana boh dina prakna, loba keneh anoe rek naraenna ngadadak njokot ti paloearan, papakean sakadar anoe beunang di dadak bae.

Tapi ajeuna noe noelis njaksian waktoe Resmi Galih nembongkeun kabinangkitannana, di na malem Minggoe sabada Lebaran anoe di pintonkeun di Bioscoopgebouw Soebang njokot lalakon „Pagoning Baha", barang breh oge dina papakean anoe sakitoe hoeroeng herangna, mangkaning lalakon djalma baheula, tangtoena dina prakna djeung raona pakean teh koedoe djiga anoe baheula, ieu oge memang kitoe, kostim anoe dipakeuna lain loemajan, istoe s i g a djaman baheula teh, pakean anoe sakitoe araloeana kabeh geus milikna Resmi Galih (inventaris).

Nilik kana reana noe laladjo sanadjan ajeuna keur oesoem sakieu meleseina oge, sakitoe lobana, kl. I — II — III soemawonna kelas kambing mah kabeh ngeusi euweuh korsi kosong, koe kitoe tea mah tangtoe pikeun oerang Soebang lain doemeh koe resep laladjo toenilna bae, babakoena mah lantaran ieu beubeunangan bersih keur derma ka Sakola Ardjoena anoe diadegkeun koe oesahana Pasoendan Tjabang Soebang. (Koe Pasoendan? Red.)

Anoe koedoe meunang poedjian ti penongton nja eta anoe djadi papatih doeanana, legeg lagamna, boh pakeanana istoe ninggang dina wirahmana.

Obrolan 1 sobat anoe digawe di Kantor Besar Mij. P. en T. Landen, ajeuna keur katjida ripoehna koe pangadjaran sakola, oge anoe dioesahakeun koe Pasoendan, kajaning cursus K.E. djeung cursus basa Inggris, (noehoen toeroetaneun sarerea DD).

Aja handjakalna sakitoe sering didadarkeun koe Djrg. Odeng dina ieu s. k. Bestuur Ambtenaar Soebang tjan bisa ngalarang anoe saenjana doger di elos passar masih keneh aja anoe koemalendang (ngamen).

Tapi kahareupna mah neundeun kapertjajaan pikeun ngabasmi bibit palatjoeran, soepaja Soebang tambah njamboeang.

**Pangatoeran di Mij. P. en. T. Landen.**

Noeroetkeun galoerna anoe kapoengkoer poengkoer, loembrahna noe katoekang toekang, dina rek Lebaran teh persoenil bangsa Indonesierna sok di oere pangbeberah hate, nja eta sok dibagi persenan lobana 2 ($1\frac{1}{2}$) gadjihna.

Ngantet kana oesoem meleset kieu, ditoeroenkeun alias dileungitkeun anoe saboelanna nja eta anoe dibikeun teh $\frac{1}{2}$ gadjiheun, walatra disakoeliah Mij. P. en T. landen koedoena mah.

Tapi aneh di tempat noe noelis mah keur $\frac{1}{2}$ gadjih teh samasakali henteu dikaloearkeun, ari ditanjakeun ka doenoengan, madjarkeun teh keur roegi ajeuna mah wajahna bae, ngarasa anehna teh naha ari di sedjen tempat mah di kaloearkeun, toerta roegi mah sanadjan karet, thee kina beas danas oge, memangna keur toeroen harga, ari dienja-enja ditanjakeun sok keuna koe ketjap brital, kominis tea, kieu tea, malah enggeus kadjadian pisan waktoe noe noelis di kantoor Besarna ieu Mij, rekes djeung babatoeran soepaja kaidinan make pantalon (lantaran di ieu mij. mah teu meunang make tjalana sepan, di Katoor besarna). Naha ari djawaban anoe ti satengah loehoer teh, madjarkeun atoeran kieu, atoeran kominis, bisa dieureunkeun kabeh oge", kitoena teh bari noedoeh-noedoehkeun gambarna poelo papoea tempat anoe di baroeang kominis tea, sakitoe pikanjerieunana teh, tjek rasa oerang mah pilakadar menta make tjalana sepan, toerta henteu matak djadi karoegian ka ieu Mij.

Komo lamoen ajana di Ondernemingen mah (di kebon) saka lieun make sapatoe meunang meuli ti loak oge, teroes bae meunang titel djrg. Anom ti doenoengan teh, toerta ari ngingetkeun kana kaperloean mah, oesrak asroek di noe bala, bisi katjoegak tea, koe oraj tea, kapan kana tangtoe njoedakeun kana kadinesan. Tapi tjeuk sang madjikan t i d a b o l e h, tida boleh sadjah . . . . .

Kitoe moenggoehing kaajaan di Mij P. en T. landen teh, padahal ari ti hoeloe wotanana mah kana djadjaoeheun kitoena teh, ngan bangsa sekeselerna anoe djadi panghalangna teh, koemaha atoeh, dipadjoe ripoeoeoeh, teu dipadjoe boeoeoe toeoeoeh . . . .

**Kaajaan di Pagaden.**

Sakoemaha anoe didadarkeun koe ieu s. k. anoe katoekang, Pagaden oge henteu katinggaleun madjoena koe tempat sedjen, djalan-djalan sakadarna geus dibalaj koe batoe sanadjan henteu make stoomwals oge, penerangan di djalan geus diajaan. Tina ieu panerangan sering di getjek, koe nenteu adil enggoning metakeunana, ajeuna saeutik-eutikeun geus dihadean, ngan dina moepoelna entjan njaksian, samalah tjeuk bedja anoe beunang dipertjaja, anoe boga wadjibna tina perkara ieu panerangan mangadoe ka Djoeragan Wadana, rasana henteu ngeunah lantaaan aja getjekan dina ieu s. k. tapi dasar Djoeragan Wadana soerti nja kalah nitah diome an bae, mana kitoe oge aja ka teu panoedjoean anoe djadi somah. Pangemoet anoe noelis oge ari benerna mah lain kalah ka mangadoe, omean koemaha koedoena, ari geus ninggang di na koedoena mah moal enja angkleung-angkleungan di Leuwi Sipatahoenan, tapi sabalikna lamoen entjan beres enjaan, tangtoe leuwih ti dipalidkeun, bisa djadi di kana poelekanana anoe aja di Leuwi Sipatahoenan.

Soepaja leuwih sampoerna enggoning balap tina kamadjoean, sasak sasak anoe geus raro poh iraha rek dihantjana.

Terserah ka noe boga wadjib.

**Doeit tjatok.**

Koe ieu s.k. geus diwawarkeun saha saha anoe njimpen doeit tjatok beunang ditoekeurkeun ka Ontvanger koe doeit anoe saroea hargana.

Bedja kitoe geus soemeboer ka oenggal lemboer, soemaram bah ka oenggal desa. 1 Indonesier ngaran Bapa Antjim oerang kampoeng Berengkel desa Pagaden, ngadenge bedja; kabeneran manehna njimpen doeit tjatok tina perak pangadjina roepa roepa, djoemblah djambleh na aja f 12.50, koelantaran di Pagaden mah henteu aja kantor Ontvanger, kapaksa noekeurkeunana teh koedoe noenggoe Ondercollecteur ti Soebang dina rek narima doeit padjeg di Pagaden, ari tempatna di katjamatan. Harita Bapa Antjim datang ka katjamatan maksoedna rek noekeurkeun doeit anoe tjatok tea, kabeneran O/C.na teu damang, ngan meunang bedja ti Djoeroetoelis eta tjamat, engke bae ka dieu deui, ajeuna Djoeragan Onderna keur teu damang, dimana soemping tangtoe dibedjaan, doeitna mah bawa deui bae kaditoeh.

Isoekna ka imah Bapa Antjim kadatangan koe 1 djalma ngaran Soehade djoeroetoelis Loerah di eta desa, menta doeit anoe baris ditoekeurkeun tea, omongna keun bae koe koering ditoekeurkeunana mah. Doeit tjatok koe Pa Antjim ditjadangkeun kana pitrah djeung keur hadjat lebaran, da poegoeh oge henteu aja deui kaboganа, ti samemehna lebaran ditatanjakeun ka Soehade, tapi omongna engke isoek, engke isoek bae, nepi ka bada lebaran entjan keneh mikeun. Ngan meunang katerangan anoe sidik singhoreng eta doeit parantos amrin dianggo maen hazar alias bakarat, atoeh pa Antjim teh njamos pisan.

Asa perloe anoe wadjib ngoeroeskeun tina perkara ieu, soepaja djadi kaberesannana. Njoehoenkeun ka Djoeragan Redactie salambar ieu s.k. soepados tiasa ka aos koe Djoeragan Wadana Pagaden, anoe aja ieu artikel. (Mangga! T.)

**Kaajaan di Pamanoekan.**

Ti saberang djieg Pasoendan tjabang Pamanoekan nangtoeng sanadian tjan pati adjeg oge, tapi hawana Pamanoekan geus nambahan sababaraha grat ti ka toekang toekang, anoe ngalanggan soerat kabar beunang diseboet nambahan, sanadjan tjan njoemponan oge kana lobana tjatjah djiwa anoe barisa matja djeung langganan soerat kabarna, tapi ka hareup gede harepan madjoe.

Ajeuna Pasoendan Pamanoekan sanadjan boedak keneh oge, roepana geus boga bakat ti boeboedak, rikrik gemi ti leuleutik, bedjana anoe baris di nomer wahidkeun pikeun . dibantjana teh bab onderwijs, lantaran ka tilik pikeun di Pamanoekan teh boedakna masih kakoerangan koe pangadjaran, loba boedak anak noe marampoeh disakolakeun di djaoehna, saperti di Batawi, di Bandoeng di Poerwakarta, koe kitoena oge geus djadi tanda, sabab anoe disako lakeun di sedjen tempat teh lain sakola anoe loehoer, ngan kadjaba ti H.I.S. atawa Ambah.

Di Pamanoekan diajaan sakola Goebernemen 2, kabeh sakola kl. II, aja 1 H. C. S. anoe bangsa Tiong Hoa, moeridna loba, malah loba bangsa Indonesierna anoe diasoep ka H. C. S. sanadjan bajaranana rada mahal oge henteu boeroeng di paradjoe bae, lantaran ngingetkeun kana boetoeh tea, Sakola Agama oge partikoelir milikna koempoelan Agama oepama teu salah Djariatoel Amillin, ngabogaan moeridna loba, malah ari peuting kolot-kolotna oge sarakola, sanadjan entjan sakoemaha lilana oge, tapi kamadjoean baroedakna anoe disakolakeun di dinja matak ngaboengahkeun ka kolot-kolotna, koe kitoena baroedak njoangsrong (soes) koe pangadjaran, goeroena soson-soson ngadjarna, kana tangtoe baroedak leuwih maradjoe, bajaranana ieu sakola hanteu sabaraha djadi bisa anoe ngan sakadarna oge njakolakeun baroedakna.

Pasoendan tjabang Pamanoekan aja maksoedna rek ngajakeun Schakelschool, tjita-tjita kitoena teh ngantet kana kaperloeanana, djeung pamentana anoe djaradi elid, malah pamenta (sora publiek mah) hajang diajakeun H. I. S. tapi roepana koe Bestuur-bestuur Pasoendan ari H.I.S. mah bisi kawalahan, nja Schakelschool heula noe baris dihantja teh. (noehoenoeoenn).

Noe noelis ngiring ngadoedoe'a moega-moega tjita-tjitana Pasoendan Pamanoekan sing enggal laksana, pertjanten kana soson-sosonna para djoeragan Bestuurna. Malah aja lesaa dina Minggoe ping 1 Maart 1931 baris ngajakeun openbare vergadering, tempatna di boemina Djoeragan Mohamad Saleh, nja eta baris ngadamikeun perkara Schakelschool tea, oerang Pamanoekan perloe saroemping lantaran ieu teh kapentingannana oerang sarerea.

**Tamoe Agoeng.**

Dina tanggal 6 Maart 1931 ka Pamanoekan baris soemping Goepernoer ti Batawi, malah bade koelem di Pasanggrahan Pamanoekan, perloena roepana ngan oekoer roronda bae, kabeneran ajeuna di Pamanoekan keur moesim hoedjan, tangtoe djalan djalan oge baretjek anoe leuwih ti betjek, soegan kaoeninga koe noe kagoenganana mah pirakoe rek diantep bae.

**Panjakit anoe sok tepa.**

Di Pamanoekan batan ngoerangan mah panjakit anoe sok tepa kalah ka nambahan, imahna ngaran Saiman di kampoeng Pasar geus sababarahan poè ditoetoepna, mangkaning eta imah teh tempat istri anoe sok ngaladjoer nafsoena, malah aja 1 lalaki anoe keur ngadon njirnakeun panglakoenan, leleson di eta imah, katoetoep nepi ka teu bisa lebaran-lebaran atjan.

Tjeuk bedja anoe beunang dipertjaja lamoen henteu tjageur di djero saboelan deui, pasar kapaksa koedoe ditoetoep, meureun kapal-kapal anoe sok ngakoetan barang Mij, P. en T. landen oge tangtoena moal meunang balaboeh di palaboean Pamanoekan.

*Seratkeun dina bade ngintoenkeun artos No. abonné (langganan) dina strook post wissel.*

*Administratie.*

# Indonesie koedoe merdika

Ketjap „koedoe" di loehoer bisa merdika, lamoen rahajat lain tjeuk oerang, tapi ieu mah tjeuk Walanda noe geus laloe-hoeng boedina, njareboetna ki-toe geus pada teu asa-asa, ngan pada-pada beda dina njaritakeun alesanana.

Noe njeboetkeun, jen merdi-kana Indonesie teh koe djalan kakerasan, pohara pabentarna djeung oerang noe ngandoeng maksoed malapah gedang, herang tjaina beunang laoekna, kendor ngagembol.

Ka saoeranana djrg. Mohamad Hatta oge geuning nja kitoe, le-sotna Indonesie ti Nederland teh beunang diseboetkeun tangtoe, ngan teu beunang goeroeng goe soeh.

Henteu gantjang soteh, nga-bandingkeun kana kaajaan, nja dengekeun pihak itoe djeung pihak oerang, masih keneh rea pabentarna, sageuj ari teu hajang ajeuna ajeuna mah, geuning waktoe Persatoean Indonesia ngajakeun protest kana poetoe-san landraad Bandoeng oge, basa di den Haag, dina medjana make diaksaraan: Indonesie los van Holland, Nu!

Toean Lingbeek geus ngadu-darkeun pamandanganana histo-risch tina hal kaajaan Nederland di Indonesie. Spreker nerang-keun tina hal anggapan noe ngatjo tina hal kamadjoeanana staatkundig noe bisa diboekti-keun di djero djeung loearna Indonesie.

Communist-communist noe dja di korban dina rek ngareboet kamerdikaan meureun ieu mah koe djalan paksa piroess poha ra dihormatna koe toean de Vis ser dina redena. Dina noeng toengkeunana ieu spreker geus njeboetkeun kalawan teroes te rang, jen awal ahir Indonesie bakal meunang, lantaran kari-boetan pikeun ngalesotkeun dirina ti pamarentah ajeuna.

Enja henteuna, kari koemaha boektina bae!

Anjar-anjar ieu dina soerat kabar kaoem Katholiek, De Tijd, aja toelisanana toean Doorn maksoedna soepaja boeroe-boe roe Indonesie teh dibere kamer dikaan, sina marentah sorangan, saenggeusna mangwindoe-win-doe djadi kaom noe diparentah.

Ieu timbangan noe ditoelis di na De Tijd, moal boa tangtoe bakal kabatja koe sakoemna eta kaom, mangkaning kaom Kat holieken di Nederland beunang diseboetkeun njekel rol noe pen ting pisan di Tweede Kamer, malah nepi ka aja Katholieke fractie sagala roepa. Teu matak heran lamoen eta kaom di Ne derland rea noe biloek kana eta timbangan toean Doorn noe sakitoe sebatna.

Di eta kamer kaom Katho liek geus njeboetkeun tina hal tangtoengan partijna tina perka ra Indonesie. Bangsana pohara dipojokna, tjenah ngan menting keun kapentingan eusi sakoe so rangan bae, teu ngingetkeun ka na hak djeung daradjatna raha jat di tanah djadjahan soepaja bisa merdika, lamoen rahajat tea geus bogaeun pangarti djeung pangabisa pikeun njeke lan hakna sorangan dina leu ngeunna.

Leuwih terang deui eta toean teh noelis kieu: „Kamerdikaan Indonesie teh hidji hal noe po hara koedoena", malah tegepna mah koedoe dina taoen ieu ke neh, sabab kamerdikaan teh tje nah, kieu:

1. penting pikeun karadjaan Christus. Sabab koe elatna mere kemerdikaan, matak ngadjadi-keun kakoerang tjintaanana ka Nederland, leuwih pohara deu ih ka agama Katholiek.

2. penting pikeun Indonesie. Rahajat noe geus mang windoe windoe lilana, ngan djadi paren taheun sedjen bangsa bae, moal boga kapertjajaan ka dirina so rangan. Ajeuna geus mimiti oge aja kapertjajaan, tapi laoen-ta oen tangtoe eta kapertjajaan ka na dirina sorangan teh beuki katjida bae.

3. penting pikeun Nederland. Patalina economisch antara eta doea nagara tangtoe bakal leu wih hade, oepamana eta kamer dikaan teh dipasrahkeun kala wan soeka, rido sorangan.

Atoeh tjeuk oerang noe enja tea, mending mana vrijwillig djeung sabalikna, dipaksa batoer, oentoeng lamoen koe pamaksa teh teu matak nimboelkeun ka djadian anoe henteu ngeunah ka Nederland, bisa keneh dina sagala roepa kaperloean Neder land oepamana dikalangan da gang, ngajakeun babadamian. Tapi koemaha lamoen ditoeng toengan koe paanggang anggang, temahna matak roegi noe lain saeutik, lantaran Indonesie hen teu ngarasa meunang kahadean tea.

Poegoeh ari dipikir nepi ka lebah dinja mah, mani asa da-rareukeut pisan, teu tjara nga dengekeun haokna pers Walanda di oerang katoet Vaderlandsche Clubna, djiga kamerdikaan teh teu atjan aja kalangkang kalang-kangna atjan.

Komo ari matja de Koerier mah soerat kabar Katholiek di Bandoeng, mani asa langit djeung boemi padjaoehna djeung De Tijd teh, malah njeboetna ge kana artikelna toean Doorn, Een Dwaas Artikel.

Ngabandingkeun kana soara na kaom Katholiek di Neder land djeung di Indonesie, kawas-na A. I. D. mah pangoenggoel-na dina ngeprokanana teh, moe dji ka De Koerier, madjahkeun teh tjenah geus bisa nakis eta artikel kalawan bener.

Kaom noe akoe-akoe angga kana hak-hakna Indonesie, ma-djarkeun teh tjenah moal rek megatkeun Indonesie ti Neder lan, kitoe deui moal daek njing kir ti Indonesie, oepama geus ngaharti bener - bener mah kana tjaritana oerang Ne-derland noe sarehat, nja mangsa bodo rek api api teu ngarti oge di toempa toempa, di merekan aja H. anoe ngan oekoer sedeng na bae keur 2 saeun, G. rada gedean ti H. rada laloessa, F. minangka keur prijajina, M. keur anoe gadjihna ti f 100.— kaloe hoer enz.

Di djero Onderneming disjaan Restaurant ngawoengkoel keur bangsa Indonesierna, sagala ka perloean sapopoé disjakeun, eng-goning meulina persoenil dibere kertas anoe meunang njitak make angka 1 djeung ½, lobana koe mahna kapertjaan anoe djadi doe noengana bae, sabab eta bon teh diasoepkeun hoetang dina saban boelan koedoe di bajar, eta kertas anoe laleutik gedena mah saroea djeung postzegel beunang di djadjankeun ka eta Restaurant, pendekna dipandang na doeit harga sasen djeung sapeser, koe pangoeroesna eta Restaurant ditjatetkeun, pikeun piloearan meunang oge balandja ka dinja, ngan koedoe koe doeit biasa.

Kaajaanana persoenil di ane kamandi henteu beunang diae boetkeun saeutik aja oerang Madoera, Djawa, Soenda, Mala joe pendekna bangsa Indonesiere bae oerang Soendana aja noe ti Garoet. Soemedang, Bandoeng, Soekaboemi, djeung anoe ti deukeutna Soekamandi. Di Soe kamandi entjan kaantjikan koe koempoelan anoe ngabeungkeut enggoning tali kabangsaan; Ari di tjoektjroek tjoektjroek pang na henteu aja koempoelan teh, madjarkeun, lain teu hajang mi loe oeloebioeng, ngan koemaha atoeh boeboehan bisloeit ngan oekoer dina biwir, nepikeun ka peroet krontjong mah moal pihadeeun, oongkoh hiroepna koempoelan teh koedoe djeung . . . . . . .

Padahal lamoen oerangna boga hate manteng, gilig, lempeng djoengan kanoe baris dipimak soed koe oerang, tanwande ka laksanakeun, asal oelah ingkar bae, tina bener.

Geuning waktoe barero, oepa ma teu salah taoen 1930, aja propaganda T.B.T.O. ti Garoet maksoedna rek njebarkeun el moe T(op) B(ae) T(anah) O(e rang), kapan koe anoe djadi Hoofd Adm.na oge nepi ka di bantoe propaganda, malah ditem patkeunana oge di Sociteit bagian Indonesierna. (ngan hadena bae bareunta keneh. DD). Toeh koe kitoena ti pihak madjikan mah make mere kalonggaran, lamoen oerang papatjal ngipoek koem poelan anoe keur dihantja koe oerang sareres njaeta „Pasoe ndan" mosi boa montok djadina kawas danas anoe dipelak di ieu Onderneming, asa moestahil ari T.B.T.O. di goegoeloekeun ari Pasoendan anoe moal menta pertoeloengan ti pihak madjikan rek ditolak? Moal! moal! nepi keun ka ditolak teh, boleh tjoba!

Pangaresepna (kaoelinan) per-soenil Soekamandi henteu aja deui kadjaba ti maen bal, dina wak toena Competitie njorog djeung disorog ti (ka) tatangga Onder-neming, memang lamoen oerang na mikirkeun ngan salantjar bae, aloes pikeun ngagerakkeun ba-dan anoe sapopoé ngabebeng-koeng di pagawean, tapi sabalik-na pikir djeroanana mah Wallo-hoealam bisawab . . . . .

**Toekang ngiwat Spedah.**

Tatjan sakoemaha lilana dina ieu s.k. didadarkeun jen Djoe ragan. Tanoewidjaja keur wak toe ngantor geus kaleungitan sa pedahna anoe diteundeun di loear, leungitna sabenerna lain poekoel 12 beurang, tapi atara pk. 7 djeung 8 isoek.

Koe aktipiteitna Djoeragan Mantri Politie BB (Rd.S. Wang sadikoesoemah) ajeuna anoe bo ga dosana geus beunang, ape dahna kapanggih di Pakgade Soebang geus digadekeun, tang toe djadi kaanehan samoegna mangsa ngagadekeun fiet koe doe aja soerat katerangan ti de sana, ieu oge aja ngan bae pal soe, roepana sasemehna diga dekeun badami heula djeung djoeroetoelis desa Karang anjar Soebang, soepaja bisa meunang soerat katerangan, pangna bisa njeboetkeun kitoe, sidik dina soerat katerangananna ti Soebang, djeung selana eta spedah aja di djoeroetoelis desa.

Terserah kanoe hoga wadjib bae, lantaran katerangan mah sakitoe tetelana, ngan matak ka roenja tangtoe eta djoeroetoelis desa koedoe pipiloeeun bela djar kenal djeung proeces ver bal, bongan wani wani mere ka terangan di oepah sela. (aja aja bae).

T.

## Priangan

**Pangadjaran Agama Islam di Bandoeng.**

Lamoen oerang niténan di djero kotta Bandoeng, kana tem pat ngadjarkeun agama anoe di bangoen sakola, anoe heubeul teh, ngan anoe aja di Pangeran Soemedangweg nja eta Daroel Moeta'allimin. Eta wawangoenan astoening geus teu meudjeuhna aja di tengah kotta, soemawonna lamoen oerang ningal kaajaan di djerona mah, estoe geus roedjat radjet pisan boh vloer atawa bilikna. Tjek tjarita mah eta adegan teh bogana desa Astana-Anjar, da kadinja oenggal boelan majar sewaan. Tapi heran lamoen bogana desa, nepikeun ka Loe rahna hidji bapa desa henteu merloekeun kana kaperloean oemoem, toer eta teh keur nga-bibit kana pangadjaran agama Islam, soepaja eta adegan bisa gantjang diomean, atoeh eutong nepikeun ka sina pantes dina pamandangan mah, atoeh oelah oelah matak tjilaka ka baroedak na bae anoe dialadjar di dinja, laboeh lantaran vloerna geus lalegok. Moegi ka noe ahli agama Islam, anoe tjalik di reng rengan Gemeente aja anoe nga-ronda ningali kaajaan eta adegan, sareng masihan pitoeah, kedah dikoemahakeun.

—o—

**Geus bosen hiroep.**

Poé Minggoe tanggal 1 boelan ieu, kira-kira poekoel 4 soeboeh oerang Bantjeuj Bandoeng nga-dadak riboet, lantaran dina pa-karangan boemina Djrg. Olan aja noe ngadon ngagantoeng ma oeh, hidji bangsa Tionghoa toe kang kajoe.

Naon sababna noe matak eta djalma ngagantoeng maneh di dinja, henteu atjan aja katera-nganana.

—o—

**Batina katjintaan gelap.**

Sawatara poé katoekang poli-tie sectie doea di Bandoeng geus nangkep awewe Indonesier nga ran Nji Iming lantaran geus nga roenang anakna noe kakara di-djoeroekeun.

Pangna eta boedak dikoeboer teh, noeroetkeun pangakoeanana mah barang didjoeroekeun oge geus paeh, tapi ngoeboerna teu kalawan soesoeleempoetan, noe ngadjadikeun katjoerigaan poli-tie. Koe sangkaan eta boedak teh batina tina katjintaan gelap.

Ajeuna Nji Iming dirawat di roemah sakit.

—o—

**Tina politie rapport Bandoeng.**

Ditangkep Nawawi oerang Tjidjerah djeung Iding oerang Pasirkaliki (Tjipaganti) lantaran maling taplak medja noe njonja Zwierzienhie pangadji f 25.—

Jasin alias Amai alias Sapri henteu poegoeh pamatoehanana lantaran maling roepa roepa barang djeung doeit pangadji f 592.97 milikna Khouw A Tong oerang Tjikakak Bandoeng, noe dipalingna dina tanggal 25/9-30. Ari Toean H. J. A. Soesman oerang Sterrewacht Lembang kaleungitan wadah sigaret perak pangadji f 15.—

—o—

**Bosen dina medja vergade-ring ka tanah lapang.**

Comite Merapi Boemipoetra Bandoeng, geus bisa ngangan akal pikeun ngoempoelkeun derma noe katjida pisan pikaloetjoeeu nana, njaeta ngajakeun pertandi ngan Voetbal noe loear biasa.

Noe matak diseboet loear bi asa teh, lain aloes dina maenna, tapi loear biasa soteh anoe ma-raenna, nja eta lain voetbal club contra voetbalclub deui, tapi ieu mah voetbal team ti politieke partyen, toeroeg toeroeg lain djalma ngaroera tapi rereana mah noe geus reuaj intjoe.

Pertandingan ka hidji Sarekat Soematra team kontra Tirtajasa team, kadjadianana 0—0 (gedeg). Ari pertandingan ka doea, Pagoejoeban Pasoendan team contra Boedi Oetomo team, ka djadianana 1—0 (Pasoendan noe meunang).

Barang proeong aja di tengah lapang, poegoeh bae saregoet mah, boeboehan ngahadja mara ke kostim paranti maen bal, dji ga djago voetbal teh, ngan ora kaja dina proengna, loetjoe aja aki aki loeloempatan dialadjo an koe intjoena. Tapi sawareh mah aja keneh noe tarik loem patna djeung tarik sepakna, ki toe tea mah boeboehan roeroen toek aja keneh poepoerieunana.

Koemaha noe laboeh djeung noe ngalehleh bakating koe tja pe, eta mah geus teu aja bila nganana, da djiga raripoeh pi sao.

Tapi meunang ditjoba deui! Da mokaha beubeunangan tina dermana oge, tjatjakan dibaroeng koe hoedjan mah.

—o—

**Tasikmalaja.**

**Spreekende film.**

Noeroetkeun taksiran ti same mehna, rea pisan diantara toe kang laladjo talkies, noe njeboet keun jen sprekende film di Ta sikmalaja mah moal sakoemaha madjoena, sabab ma'loem diko ta leutik, toer teu sakoemaha reana bangsa Europa.

Eta taksiran katjida salahna, sawaktoe ieu mah, sabab saban peuting sanadjan hoedjan meh teu aja eureunna, noe laladjo mah dibelaan papajoengan bae. Koe koekoehna njekel atoeran noe geus ditangtoekeun saban peuting maen doea kali, nja eta poekoel 7 djeung 9,30 tjeuk ta di mah djiga moal aja noe lala djo ka peutingnakeun, tapi ari boektina mah, da sono tea meu reun kana barang anjar, teu woedoe oge aja goendoekna noe narongton teh.

Film noe di kota Bandoeng sok dimaenkeun nepi ka noron aja minggoena, tapi nadjan ma hal oge sewaanana, tjeuk katera ngan ti directiena, pikeun di Ta sikmalaja mah rek diichtiaran soepaja dina doea peuting sake li bisa ganti gambar.

Dina peuting tadi film noe di poeter teh nja eta Sky Hawk ngalalakonkeun sabagian tina pe rang Europa, Duitsch ngabom bardeer kota Londen tina kapal Zeppelin.

Sok komo lamoen ngade-ngekeun dina boektina perang, sora mariem djeung bedil tinggelederog, tjatjak koe nen-djo dina gambar oge lantaran silib sorana tea, matak kaletir ka noe laladjo.

Noeroetkeun bedja ti pangoe roesna eta bioscoop, dina ma-lem Minggoe noe deukeut baris meter sprekende film dina basa Walanda, titelna „Hallo! Hier Hilversum Hol-land" hidji film noe kabedja keun hade toer terang pisan sorana.

**Henteu aman.**

Dina malem Senen tg. 1 Maart di imahna N. kampoeng kalektoran, aja tatamoe 2 goe roe djeung 1 oerang pagadean, pada sarimbit.

Kira kira poekoel 11 peuting tatamoe maroelih, tapi teu koe hanteu selop djeung pajoeng si em aja noe mangmawakeun kalawan henteu dititah.

Abeng kena meleset, hajang diselop djeung di pajoeng, tapi emboeng meuleui.

**Noe dipaehandi Tjisajong tea.**

Ngantet kana bedja Sip. ka mari, aja katerangan deui, jen paehna Madrapi teh geus kapa paj larstanana, koe activiteitna noe djadi tjamat.

Noe maehanana kira-kira aja 35 djalma, ajeuna geus ditang kep sarta boekti-boektina bedog balioeng djeung djaba ti eta geus dibeslag, tjenah pangna di paehan teh lantaran geus kape rego maling bari ngadoeroek imah.

**Semah teu poegoeh.**

Dina malem Saptoe mangkoek na ka imahna Nji Atji di Baba kan Lengkong djero kota Tasik malaja, kira poekoel 11 peuting aja semah nepi ka noe boga imah njaring lantaran ngadenge noe leumpang di djero imah. Barang koe noe boga imah di sampeurkeun eta semah laloki teh ngokoekeun njasab henteu njaho di djalan. Noe boga imah ngarasa heran naha ti mana asoepna, da kabeh geus ditoela kan. Eta semah toeloej ditjalik-keun, sarta ditanja maksoedna, tapi henteu mere katerangan noe tetela. Koe sabab eta toeloej bae dititah kaloear. Saenggeus na semah tea indit koe noe bo ga imah diilikan oeroet asoepna, tetela pisan ngaroeksak djande la. Kawasna bae ieu djalma teh rek maling tapi kaperego.

**Obral taplak medja.**

Di kampoengan noe diseboet diloehoer keneh, meh oenggal peuting bae kadatangan semah noe tjetjeremed, tapi njokotna na sakoer noe bahari bae, noe aja di tepas babakoena pisan teplak medja. Ieu kadjadian lan taran henteu sakoemaha panga djina arang langka pisan noe di laporkeun.

Oelah diantep, bisi lila-lila mah kana barang noe gede pa ngadjina.

**Kabongkaran.**

Sawatara poé katoekang di toko Priboemi merk „M.H. Sa joeti" di Indihiang (Tasikmalaja) geus kabongkaran, bangsat nga roeksak pantona eta toko sarta bisa maling roepa-roepa barang toko djeung doeit retjeh, djoem blah pangadji kira-kira f 235.—

Politie pahiboet neangan noe djadi bangsatna.

## Pemberian tahoe.

Kami Resident Oost-Priangan memberi tahoe, bahwa soerat-soerat pertelaan boeat padjak Roemah tangga dan penghasilan oentoeh tahoen 1931 soedalah selesai dibagian afdeeling Oost-Priangan.

Barang siapa jang hendak memasoekkan pertelaännja oentoek dia sendiri, maoepoen goena orang lain jang ha-roes memberi pertelaän, atau jang ta berwadjib, akan tetapi tida menerima soerat pertelaän atau soeratnja itoe hilang, masih boleh djoega memasoekken soerat pertela änja dalam tempo satoe boelan sesoedahnja hari boelan tersebeet pada ini pemberian tahoe.

Blanco soerat pertelaän boleh diminta dengan per-tjoema pada:

Padoeka Kangdjeng toean Assistent-Residen Tjlamis.

Padoeka Toean Adjunct Controleur Belastingen Tasik-malaja dan Garoet.

Begitoe poela oentoek anak negeri, orang Tiong Hoa dan Vreemde Oosterlingen boleh mendapat pada Wedana-Wedana dan Asistent-Wedana dan djoega pada Wijkmeester.

Maka barang siapa ta menjoekoepi kawadjibannja memberi pertelaän oentoek padjak Roemah tangga, dalam waktoe jang telah ditentoeken itoe, aken mendapat dendа dari f 10.— sampe f 500.—

Djikalau kewadjiban memberi soerat pertelaän oen-toek padjak penghasilan ta dilakoeken, maka padjaknja itoe akan ditetepkan menoeroet pertimbangan jang berwa djib ditambah dengan dendaän 25 per saratoes, begitoe djoega orang aken mendapat dendaän seperti jang terse-boet dalam artikel 87 dari belasting-ordonnantie (oendang-oendang pembajaran padjak).

Soerat-soerat peringatan boeat masing-masing aken masoekken soerat pertelaän itoe tida dilakoeken.

*De Resident van Oost-Priangan,*

**G. J. TER POORTEN.**

*Tasikmalaja, den 2en Maart 1931.*

**Oepas aksi.**

Sawatara poé ka toekang Oepas Oepas di kawadanan geus waoi nampilingan djeung nondjokan djelema anoe koerang ingetanana.

Ari sabab sababna mah kieu: Eta djalma anoe koerang ingetanana teh geus sababaraha kali datang ka katjamatan, mak-soedna menta soerat katerangan rek ka Tjirebon, lantaran boga pamadjikanana di Kasepoehan Tjirebon (kawantoe anoe koerang ingetan DD.), koe djoeroetoelis tjamat henteu digoegoe sabab djalma gelo tea, toengtoengna roepana kang Oepas Oepas djengkel nembongkeun aksina, eta djalma dioesir, henteu meu-nang aja di katjamatan, tapi enggoning ngoesirna teh make bari ditjabok djeung ditondjok, mangkaning lain koe saoerang anoe katingal aja tiloean, kabeh pada nampiling.

Aneh aksina kang oepas teh kalah kanoe kitoe di kaloear-keunana, padahal entong sok boro ka djalma anoe kaseboet gelo, ka sakitan oge djaman ajeuna mah tjabok djeung ton-djok teh geus koedoe dileungit keun ti alam ieu.

Inget kang oepas oelah sakali kali deui njieun aksi kitoe teh, bisi ngaran kang oepas pipiloe-eun kokodjajan di leuwi Sipata hoenan, sorana wong akeh.

**Soekamandi.**

Kaajaan Soekamandi henteu beda djeung di Gemeente wo nlog/Bandoeng, saperti di Tjia-teul, Teloekboejoeng. kitoe pisan henteu dipitjeun asieur tjeuk noe bohong tea mah, gang gang kabeh di Beton, bedeng bedeng

# Gadjih para ambtenaar

Ti sabarang goedjroed-goedjroed oesoem (saaalad) malaise gadjih ambtenaar geus mimiti djadi tjarita, soemawonna barang bet aja bedja kabar angin rek dikoerangan mah. Lain bae ngan oekoer djadi tjarita, tapi V.V.L. reudjeung prakna ngajakeun pasamoan, geusan mrotes kana eta bedja.

Beuki kabeh dieunakeun roepana eta kabar angin teh bet lahir djadi oepiali sabab ajeuna geus beunang ditetepkeun, jen ti mimiti boelan Juli 1931 gadjih pagawe pagawe goepernemen rek dikoerangan.

Soepaja apdol pisan, sanadjan dina Sipatahoenan geus diwawarkeun oge, oerang bedjakeun sakali deui, nja-eta:

a. Anoe gadjihna koerang ti f 50.— moal dikoerangan.

b. Anoe gadjih ti f 50.— nepi ka f 250.— dikoerangan 3%.

c. Saleuwihna ti f 250.— nepi ka f 500.— (de volgende f 250.—) dikoerangan 5%.

d. Saleuwihna ti f 500.— (de volgende f 500.—) dikoerangan 7%.

e. Saleuwihna ti f 1000.— baris dikoerangan 10%.

Tah kitoe atoeranana!

Sanggeusna ieu bedja satengah opisil, tersiar ka mana mana, ti mana mana djeung di oenggal oenggal soerat kabar, oerang piloearan pada narembongkeun pamanggihna djeung hodjahna; babakoena tjondoongna tjarita, ngan ngabelaan gadjihna bae soepaja oelah nepi ka dipotongan.

Ngan bae sadjeroning boemela kitoe teh, aja noe poho nedjeh batoer, hajang salumet sorangan. Nilik kana ketjap djeung oengangna, moal salah deui eta noe noelis dina Java Bode salasaoerang ambtenaar bodas, anoe moal loemajan pigadjiheunana.

Eta pangarang mimitina ngabangkit bangkit jen begrooting Indië teh loba teuing anoe dipake ngagadjih kapala. Soemawonna ajeuna mah sanggeusna aja bestuurshervoming lain loemajan makanna oeang; aja Volksraad, aja raad raad salian ti eta, roepa roepa kantoor dimodel baroekeun tjara decentralisatie, belasting, arbeidsinspectie, reiswezen djeung djaba ti eta. Loba pisan kaom Hoofdambtenaren, malah sakapeung mah aja noe koerang perloe atawa teu aja pigaweeunnana.

Tjindekna sanggeus kaajaan Indie tea didjieun internationalistisch a la Geneve.

Kadjaba ti eta noe djadi sabab pang post gadjih beuki lila beuki nambahan, ti sanggeusna aja robahan taoen 1925 nja eta B.B.L. anoe dibagi tiloe bagian A.B. djeung C. tea.

Dina palebah dieu eta pangarang djadi pangbelana groep C kaom toto, edas teu woedoe bisa djadi pokrol bamboena, manehna njeboetkeun jen gadjih pikeun ieu kolom mah pangeoreng gorengna, oepama dibanding djeung groep noe sedjen sedjen.

Dina groep B. bajaranana beunang diseboet leuwih hade ti batan groep C, soemawonna ari djeung groep A mah.

Demi sababna pang bisa njeboetkeun kitoe madjarkeun teh, lantaran boeroehan (gadjih) teh koedoe nimbang-nimbang kana kahiroepanana koeli koeli djeung di particulier.

Koeli di nagri rata-rata koelianana f 20.— saminggoe atawa f 1000 dina sataoen; demi koeli di Indië mah ngan f 0.75 sapoé atawa f 270.— sataoen.

Oepama nilik kana kaajaan, asa asa teu pertjaja koeli di nagri sakitoe mahalna, sabab lamoen enja mah kitoe, tibatan djadi soldadoe ka Indië neangan boeroehan peperakan dina saminggoe, tangtoena oge sareboe kali mending djadi koeli nagri.

Ieu mah, djiga tamba baoe soeangoet bae.

Bas nagri tjenah dina saminggoe f 35— a f 40— djadi sataoen f 1800— ari bas priboemi mah paling djeung paling f 2 50 sapoé atawa f 900— sataoen. Soepir nagri f 1200— sataoen, ari soepir Indië ngan f 500.—

Kana ieu islamoenan, tangtoe moal roesoeh aja noe mertjaja.

Dina groep A anoe ngan oekoer boga diploma sakola kelas doea, teu oemoem bae make bisa boga gadjih nepi ka f 1800 sataoen (Schaal A5 djeung A6), sarta lamoen ditambahan koe vakopleiding bisa nepi ka f 2100. Ieu gede teuing!

Soemawonna lamoen ngabogaan Klein ambtenaarsdiploma mah nepi ka bisa meunang f 5000. sataoen (Schaal A. 18).

Kana kapala kapala kolom ieu, eta pangarang njeboetkeun kagedean teuing gadjihna, tapi tjek manehna koeli (bas) di nagri nepi ka f 1800. sataoen.

Atoeh lain gede teuing ari njaroeakeun djeung noe atjan poegoeh boga diploma sakola mah.

Sanggeusna pangarang njoetjroek tina hal ieu, toeloej njeboet njeboet ambtenaar anoe pangadjaranana ngan meunang vakopleiding sanggeusna tamat sakola handap, tjara: Osvia, Kweekschool, Landbouwschool, Indische artsenschool dj. s. t.

Tjenah mareunangna gadjih kagedean teuing, sabab ajana ngan oekoer di hiroep koemboeh oerang priboemi, anoe teu sabaraha ongkosna djeung pangadjaranana beunang diseboet handap keneh, oepama dibanding djeung pagawe Walanda.

Dina palebah dieu eta pangarang sama sakali poho kana kaajaan dirina. Atoeh ari ngagadjih kapala priboemi koedoe ngabanding djeung koelina mah, gadjih maneh oge entong hajang leuwih, da pada aja di Indië noe tjek maranehna, enggon sagala moerah. Djeung, tjing atoeh sing inget kana gadjih di lemboerna. Goeroe Walanda di lemboerna paling gede ngan f 3600.— sataoen, tapi ari di dieu f 10.200 sataoen, mani tiloe kalieun.

Naha eta teh geus narimbangan? Kapan di dieu mah sagala moerah. Nja leuwih moerah, nja gadjih tiloe kalieun!

Ieu mah noe djadi Tjamat djeung Wadana digonggorokan, gede teuing gadjihna.

Geura ari koedoena mah, aja sabaraha reboe sirah anoe ngan oekoer boga Klein ambtenaarsdiploma, tapi gadjihna f 500.— saboelan!

Madjarkeun teh: Groep C digadjihna basadjan (matig) groep B. tjoekoep ari groep A mah rojal.

Nja bener hawek!!!

Hadji Basjar.

---

### Dibentar gelap.

Noeroetkeun bedja, dina sawatara poé katoekang got didjalan Tjikatoebangbalong desa Soekamadjoe (Indihiang) geus dibentar gelap, nepi ka roeksak amboeradoel pisan. Kapaksa ajeuna eta djalan henteu beunang diliwatan koe toetoempakan, nja kitoe deui koe djalma noe ngaliwat oge.

Katjida perloena koedoe gantjang dihadean deui.

Kadjadian tjara noe diseboet tjikeneh teh aja noe saroepa pisan nja eta di desa Soekadjadi o/d Tjisajong (Tasikmalaja), malah ieu mah got noe disamber gelap teh weuteuh keneh pisan. Tangtoe bae ngadjadikeun karoegian ka noe koedoe ngongkosanana.

### Bandjir.

Di kampoeng Tjiboengkoel desa Soekamadjoe (Tasikmalaja) geus kadatangan tjaah noe poharang gedena, nepi ka rea tepas imah noe kakeueum. Henteu koerang ti 13 balong noe kalimpoedan koe bandjir, laoekna moedal kabawa palid ka waloengan Tjitandoej. Ngan hadena bae hemeu aja katjilakaan noe niwaskeun njawa djelema.

### Derma keur wadal Merapi.

Ti Loge Theosofie tjabang Tasikmalaja geus mere derma keur noe djaradi wadal bitoena goenoeng Merapi doeit contant f 36.73.

Djaba ti eta ditambahan koe roepa roepa papakean, beuratna oge nepi ka 30 KG.

—o—

### Pakaoelan anoe henteu moenasabah.

Meunang bedja, di dessa Pandjaloe, bakal aja ramean, mestakeun Sitoe Lengkong, Pakaoelan, sabab eta Sitoe tadina geus di akoe djadi milikna Provincie West Java. Ajeuna di pasrahkeun deui ka dessa; Ari programmana pesta, sadjabana ramean biasa ngala laoek enz. rek iring iringan ngagotong Pangagoeng ti hidji tempat ka tempat sedjen di eta dessa keneh.

Oepama ieu bedja njata, saka hajangna oerang Pandjaloe kitoe oja katjida loear biasana.

Henteu rek ngahalang-halang kana pesta anoe pantes sanadjan rek sakoemaha ramena. Ngan kana maksoed anoe henteu moenasabah, saperti: Ngagotong menak diiring koe istri, henteu ngaroedjoekan. Sarta pertjaja kana maksoed anoe mintjoelak moal kadjadian, da noe rek digotongna tangtoe moal kersaeun. (P).

—o—

## Kiriman

(Loear tanggoengan redactie)

### Keur Abah dina Sipatahoenan.

Satadina djisim koering kana omongan Abah anoe henteu poegoeh alang oedjoerna, henteu nembrak broek-brak sabalakana, henteu hajang miloe tjampoer moeloet. Tapi saenggeusna dipikir diboelak-balik, mingkin lila mingkin njatoe ati, mingkin lawas bet tambah rempan, diganggajoug sok sieun angot.

Ringkesna bae omongan Abah tea rea noe kasar garihal pisan, geuning make aja ketjap „noeroestoendjoeng" djeung ngadjak „stryd" sagala roepa. Ari omongan noeroestoendjoeng onaman teu pati dipikir, da ingetan teh, moal aja ketjap „noeroestoendjoeng" lamoen teu hajang diseboet „alah adol" mah.

Tapi eta, omongan „strijd" djeung tjadoengdoengkeun. Naon tea ieu teh?

Ari omongan „tjadoengdoengkeun" teh, sapamanggih djisim koering mah ngan dina Kendang pentja.

Djadi Abah teh rek ngadjak maen Po? (Tjikalong?)

Heuheuj hideuh, djisim koering seuri, njeungseurikeun panangtang abah, sabab djisim koering jakin, tangtoe abah moal koeat kana maen Po baroedak ngora djaman ajeuna.

Ajeuna kari omongan „strijd".

Abah teh ngadjak strijd naon (ngadjak ngadoe naon?)

Ngadjak ngadoe doeit?

Oge Abah moal koeat, sabab djisim koering njaho, jen Abah teh lain Millioenair.

Ngadjak ngadoe pangarti?

Komo beuki njoetjoed toka boerna teh, ieu aing oejah Kidoel asa pinter aing teu deungeun, apan Abah teh manoesa, lain Goesti Allah.

Ari kahajang lain kitoe Bah! kapan Abah teh mana diseboet Abah oge geus kolot, tjik tjaritaan teh oelah pikatjoeaeun noe ngora, djangdji gaplok abong biwir teu diwengkoe, bet beuki sepoeh teh tjampoeh ngoekoet napsoe lain neangan lakoe toeroetaneun poetra poetoe.

Aja deui anoe noelis dina Sipatahoenan, doeka saha, meureun Abah mah oeninga, madjar: Kadjeun teuing abonne ka laloear oge da tara malajar.

Amboeing! naaa..... Mas ngomong teh djangdji heuaj bae teu dipikir noe leuwih pandjang. Naha geus diboektikeun, naha enja babatoeran koering teh kabeh toekang naroenggak? Oelah kitoe, njiar njiar pikanjerieun hate batoer, kadjaba lamoen keur weureu mah.

Sanadjan kampioen djeudjeuh pakeun oge, naon noe rek didjeudjeuhkeunana lamoen kala loear lantaran koe omongan Abah djeung kantja Abah kampioen djeudjeuh pakeun tea.

Djisim koering satia ka Sip. ka Abah djeung noe sedjen oge lamoen Abah djeung noe saoejoenan djeung abah henteu njieunan poetjoek ti girang.

Djisim koering
Gaos Soemadisastra
Padjagalanweg Bandoeng.

---

Ti Redactie:

Sanaos seratan diloehoer teh loear tanggelan redactie, nanging koe emoetan manawi henteu aja awonna redactie njanggakeun saeutik katerangan.

Biasana seratan Abah dina „Pipir hawoe" teh tara ditoedjoelkeun ka salah sahidji djalma, nanging henteu moestahil oepami rea noe ngaraos ka sigeung koe eta seratan. Tina kitoena henteu tiasa ngalepatkeun kanoe ngadamel seratan diloehoer, matab parantos aja sawatawis obenne anoe maroendoet soepados kritiek teh oelah sindir sampir, nanging kedah broek brak satarabasna.

Ieu pamoendoet satiasa tiasa bade diemoetkeun.

## Sport

### N.V.B.- B.I.V.B.

Di Bandoeng, kadengena beuki beh dieu teh, beuki rame bae, diditoe didieu doeg deg ngaradegkeun club maen bal, nepikeun ka geus aja poeloehna club di kotta woengkoel.

Tapi teu weleh ari kana kahandjakalan mah, njaeta koe beungkeutanana eta club club, koe ajana doea bond. Njaeta koe B.I.V.B. djeung N.V.B. anoe pabentar bae, teu bisa digawe babarengan.

Padahal, lamoen koe oerang dilenjepan, saoepamana bae kawas waktoe katoekang, sameh N.V.B. dihoedangkeun deui, njaeta keur B.I.V.B. woengkoel ngadeg, loba pisan boektina, katembong kakoeatanana lamoen di Bandoeng, ngadegkeun hidji club bond Indonisiers.

Tapi koe ajana ajeuna doea bond, anoe ngan perselisihan bae, sanadjan henteu broek brak patjengkadaaana, da maksoedna henteu sadjalan, nja matak djadi goreng oge dipamandangan. Bener tetela henteu salah lamoen ngitoeng taoen mah N. V. B. teh leuwih heubeul ngadegna, tapi kabehdieunakeun dihoedangkeun deui tina koelem tibrana teh saenggeusna B. I. V. B. rame, djadi palebah dieu soesah ngahoekoemanana, ngan terserah bae ka pangoeroesna, disarengan koe pamoegi moegi, hajang teh tjing aja persatoean, ngarah aja kakoeatan.

Anoe sympathie ka B.I.V.B. dina waktoe kabehdieunakeun henteu woedoe bae beuki nambahan anggahota. Samalah sanadjan Singer Voetbal Club (S.V.C.) atjan sabaraha heubeul oge ngiloena kana kalangan voetbal koe ngabogaan maksoed hajang ngadeudeul kana madjoena B.I.V.B. ajeuna geus asoep sarta ditampa djadi lidna. Oge v. v. Soenda djeung v. v. Sedar geus arasoep djarandi lid. Dina waktoe sakeudeung bae geus nambahan tiloe club. Ngaboektikeun loba noe satoedjoe djeung naloe anana. Moegi-moegi bae, soeboer hiroepna.

## Koropak

Djoeragan Tweedi Tasikmalaja.

Oelah djadi bendoe, seratan Djoeragan anoe djoedoelna „Mikahajang anak tere" sareng „Kalakoean anoe nirtja" henteu tiasa dilebetkeun kana ieu serat kabar, doepi margina eta teh perkawis persoonlijk bae. Moegi diemoetkeun!

## Kawat

tina s. s. k.

### CUBA.

Njoba njoba rek maehan President.

Havana, 26 Febr. (Aneta Nipa Reuter). Pertjobaan pikeun ka doea kalina rek ngarah pati na president Machado gagal deui oge. Noe ngarah harita keneh geus dibekoek koe politie, nja eta hidji pamoeda oerang dinja keneh

—o—

### ROEPA-ROEPA KADJADIAN.

Komplotan kaoem communist.

Sofia. (Aneta-Nipa). Politie geus bisa hasil manggihan hidji katerangan noe dipake koe kaoem communist, nja-eta hidji organisatie communistisch rasiah, sarta noe harita geus njebar ka leuwih ti 20 nagara. Harita keneh teroes politie ngajakeun panangkepan, 150 kaoem communist geus ditangkep.

—o—

### CONGRES-ACTIE DI BOMPAY.

400 vrijwilligers ditangkep.

Bombay. (Aneta-Reuter). Politie geus nangkep opat ratoes djalma noe keur ngajakeun congres di Mardan, di centrumna pisan eta kota, lantaran didinja geus ngahormat kana bandera nasional.

### RUSLAND

Rek njieun revolutie.

Moskou, 27 Febr. (Aneta-Nipa-Reuter). Opat belas anggahotana ti perkoempoelan socialis „All Union Bureau of Centraal Committeers of Mensheviks" koe pangadilan noe leuwih loehoer dina tanggal 1 Maart rek dipariksa, lantaran ditoedoeh njieun pergerakan revolutie. Dina soerat dakwaannana diseboetkeun, jen perkoempoelan kaajahoan aja dina badan-badanna economie djeung ngahidji kana tjabang-tjabang noe engkena revolutionnair.

Noe didakwa kabeh oge tetoes terang.

—o—

Kaajaan di Moskou.

Moskou, 27 Febr. (Aneta-Nipa Tansucern). Lantaran dina waktoe ieu kaajaanana di Moskou beuki nambahan bae tjatjah djiwana, oge pikeun fabriek fabriek madjoena katjida gantjangna, ajeuna geus beunang ditangtoekeun pikeun ka hareupna eta kota beunang diseboetkeun djadi hidji nagara noe merdika tina sarikat negri Sovjet, sabab ti ajeuna geus ngabogaan pamarentah djeung begrooting sorangan.

—o—

### FRANKRIJK

Dihadiahan Bintang

Parijs, 27 Febr. (Aneta-Nipa). Dina oepatjara noe katjida gedena, sarta didatangan koe sawatara pembesar militair djeung civiel, maarschalk Despery geus mere bintang kahormatan ti Legioen van Eer ka oeroet generaal Lococqdarmandville.

### AFRIKA.

Katjilakaan kapal oedara.

Elizabethville, Congo djadjahan Belgie) 27 Febr. (Aneta Nipa-Reuter). Hidji kapal oedara post, noe keur aja dina lalampahanana ka Boma, didjalan geus meunang katjilakaan. Djoeroe ngapoengna noe harita awas kana rek datangna katjilakaan, metakeun saboedi akalna mesinna dipareuman. Lima panoempang djeung hidji machinist tatoe, tapi henteu matak ngaboentoekeun kana kalakoeanana.

—o—

### BELGIE.

Meunang dioawadeui ka djero nagara.

Brussel, 27 Febr (Aneta Nipa). Ajeuna di Belgie djalma djalma meunang mawa deui sato noe ngabogaan soekoe opat, saperti sapi djeung sabangsana, dibawa ka djero nagara.

—o—

### NEDERLAND.

Noto Soeroto.

Den Haag, 27 Febr. (Aneta Nipa). Djoeragan Noto Soeroto geus medal sila tina djadi pembantoena weekblad Rijkseenheid, lantaran henteu moepakat kana sakoemaha eusina eta weekblad.

Lamoen djadi radjana kageulisan.

Amsterdam, 27 Febr. (Aneta-Nipa). Bestuur Gemeente mere kawasa ka directeur H.B.S, salila noenggoe-noenggoe poetoesan ti schoolcommissie, pikeun nolak Miss Holland asoep ka H.B.S, lantaran henteu menta permisi deui ti kapala sakola indit kana concours kageulisan di Parijs.


GALOENGGOENG — BIOSCOOP
TASIKMALAJA

LIAT . . . . . DAN . . . . . DENGER

Sprekende Film (Film bitjara).

INI MALEM DAN MALEM BRIKOETNJA

FOX'S poenja film bitjara mempertoendjoekan

— Warner Baxter & Monna Maris —

dalem

**The Arizona Kid**

Bersama: Carol Lombard, Theodor Von Eltz, Jack Herrick

Inilah ada satoe film drama dari Wilde Westen jang heibat

Denger djoega SONGS jang baek dan MERDOE.

Lebih djaoeh diramekan oleh kira-kira 50 Cowboys, menjanji dan laen-laen lagi jang marika aken kasih liat di ini film

MENJANJI — MENARI — BITJARA

Saben maen 2 kali maen, pertoendjoekan pertama djam 7

— Anak-anak dilarang nonton ini film. —



# ADVERTENTIËN


**GRAMOPHOON & PLATENHANDEL**
**„DE HARP"**
**Singaparnaweg 45 — Tasikmalaja.**

Salamina njajagikeun roepi-roepi parabot kaperloean musiek, anoe ditanggel tiasa njoemponan kana sanes kanten noe dipesen koe para djoeragan.

Roepi-roepi plaat gramophoon, sareng dina lagoe-lagoena oge ngahadja njajagian lagoe anoe dina waktos ieu mah keur meudjeuhna dipikatjinta, sapertos: Sprekende film, Djawa, Soenda, Malajoe, Bobodoran sareng sadjabina ti eta.

Soepados tiasa ngaboektikeun teu langkoeng sae mangga ditjaobi bae.

*Hoermatna*
*noe ngadjeng-ngadjeng.*



**BOEKOE**
**BALI**



**55 sen ka abonné 8ip. mah.**

Kantoen saeutik, bilih panasaran,
— — 8 Gambar-gambarna. — —

NGITJAL BOEKOE
— KIAMAT DI MAGELANG —
15 SEN, kanggo NOELOENG noe katjilakaan koe Merapi tea

**Toko boekoe PASOENDAN**
TASIKMALAJA.



**:: Strop Gouden Ster dan Boelan Poeasa ::**
**Jang bisa kasi kesegaran dan kesenangan di waktoe boeka poeasa.**

Bisa dapet dari sarinja segala roepa boeah-boeah jang sengadja dipilih special boeat penoehken langganan poenja kasenangan. Maka kaloe ingin dapet STROP jang sedep dan wangi rasanja teroetama RESIK bikinnja. Tjarilah selamanja kita poenja merk jang soedah terkenal lama diantara Toean² langganan.

*Memoedjiken dengan segala hormat*
Gecombineerd Electris Mineraalwat. fabriek
**De Gouden Ster en Poerbaja.**
Telefoon No. 114 — Tasikmalaja.



**TOKO TRIO**
GOENOENG SABEULAH 27 TELEFOON. 83
TASIKMALAJA.

Nembe pisan katampi roepi-roepi kaperloean para djoeragan anoe ditanggel langkoeng enteng pembajaranana, diantawisna Toko Trio parantos njajagikeun roepi-roepi kareta mesin ti noe pangawisna doegi ka noe pangmirahna, malah ti ngawitan saaih ieu tiasa njajagikeun kareta mesin weuteuh

**F 27.50.**

Kaklatan ditanggel satsoen.

Pesenan ti noe tebih salamina kedah rembours bae.

*Salam miwah hormatna*
*noe ngadjeng-ngadjeng.*



Tengtremna ati Djoeragan-djoeragan istri? Moeng tiasa kalandongan . . . . . . . . koe barang-barang permata kaloearan ti

**TOKO INTEN**
**Juwelier & Goudsmederij**
**Pasarweg 1350 Kidoeleun Muloschool — Tasikmalaja**

**Koemargi . . . . . ?**

Barang-barang permata Briljant kaloearan Toko Inten, sadajana hoeatanana rapih, lemes, manis sinareng marodel qualiteit no. 1 matak tengtrem ati.. ..

Margi dipimpin koe achli anoe parantos praktijk bener, anoe parantos seueur pengalaman perkawis roepina model barang-barang mas permata Briljant di nagara-nagara ageung.

Anoe mana? sanaos djoeragan-djoeragan teu tiasa ngatoer modelna kongkonan, eta teu sesah, tiasa diatoer koe Toko Inten doegi ka djadi kabingahan djoeragan-djoeragan. Disajagikeun barang-barang permata Briljant mas anoe bouas sinareng beresih bener, sapertos: pinggel, Leontine, lelepen markis, panitih, soember-soember, roepi-roepi rante kaloeng. Roepi-roepi barang perak: Horloge-horloge, Lontjeng Westminster, Wekker-wekker, wadah lemareun, roepi-roepi katja pigoera, enz. enz.

Soepados djoeragan djoeragan meser oelah djanten kaswisan (kabekok) tiasa dipasihan serat Garantje anoe tiasa di tampi deui (dipeser deui) eta barang barang moeng dipotong sakedik.

Margina njandak sijsteem oentoeng alit soepados lakoena seueur, margi oenggal minggoe nampi Briljant anjar.

Ditanggel mo tiasa kadoehoeng barang barang anoe dipeser ti

TOKO INTEN.



Kangge njaekeun kana panjawat panas, poejeng, rieut inflenza, d. l. l. Henteu aja anoe langkoeng moestadjab sadjabi ti:

**Acetylsalicylsäure - Tabletten.**

**„SATYRIN"**

Landong kiat . . . . nomer wahid.
Mangga tjobi, ditanggel
matak sampoerna.

Tiasa kenging ti:
CHEMICALIEN HANDEL
**v. h. Toko Nio Muller**
GOENOENG LADOE 15. TELEFOON 26.
TASIKMALAJA



**SANAOS DINTEN KEUR PANAS**

— Djoeragan moal ngaraos gahgah, oepami baham djoeragan dieusian hajil

**CHEWING GUM**

WEDAL N

„ADAMS CHILETS" of „TUTTI FUITTI" Goela Karet Sadjabina ngadamel seungit baham, salamina djadi sehat sareng oge tiasa mantoean kana ngantjoerkeun katoeangan dina lebet lamboet.




Ditjial di saban toko provinsien en dranken pangaosna moeng 6 sareng 20 cent bae. —:— Didamel koe **American Chicle Company — New York.**
Sole-Distributers N. O. I.:
**TOKO AUW PIT SENG — MEDAN**
*Bijkantoren:*
Weltevreden Tlf. 132 B. — Soerabaja Tlf. 2572 N. III.



**BANDOENGSCHE**
**Chemische Wasscherij en Ververij**
**STATIONSWEG 30 NAAST G. E. B. E. O. — TASIKMALAJA.**

Toko wasscherij (toko tjoetji pakean) adanja di Bandoeng koerang lebih 10 taoen, banjak toean-toean dan Njonja-njonja jang kengken tjoetji pakean, dan trima dari laen tempat djoega, serta troes kirim dengan Rembours.

Moelai tanggal 10 Februari 1931 saja aken boeka Toko Wasscherij di Tasikmalaja, djoega Filial dari Bandoeng, ongkos ongkos bersaingan sama Bandoeng, seperti tjoetji:

Gabardin Plambit, Flanel, Wool, Donker Blau, Zal wool, Kamedia dan Japon. Tjoetjinja itoe pakean pake obat soepaja tida loentoer atau roesak. djoega plek² bisa ilang. Malah bisa verv. (bikin baroe pakean jang soedah toea menoeroet kleurnja).

Djoega bikin bersih topi Toean atau Njonja. ganti pita dan koelit. Stoppen (Tisi) pakean jang soedah soeeh menoeroet kleurnja sampe tida keliatan. Plisir (ploi) soetra² boeat Rok.

Dari sebab itoe soepaja Toean-toean dan Njonja-njonja, mendjadi taoe, pekerdjaan jang terseboet di atas tanggoeng baek dan rapi dan kaloe bawa pakean moelai tg. 10 Februari 1931 sampe tg. 10 Maart 1931 dipotong corting 10 pCt.

*Memoedjiken dengan hormat*
DE BEHEERDER.



**Padjengkeun Dagblad „SIPATAHOENAN" koe djalan mangmilarikeun Abonne's noes aratia**


# IMPLIK-IMPLIK

## Megatkeun doeriat peutra

**Karangan.**

*A. KARNA WINITA.*

SADANANJA. — TJIAMIS.

No. 13

7. Henteu pandjang noe diwarti,
perkawis lajon Djang Ana;
dioeroes parantos beres,
koemaha adat biasa,
sadaja geus baroedal,
wargina kalawan ngoengoen,
pada nineung koe bageurna,

8. Ajeuna kakotjap deui,
Enden Titi noe soengkawa,
poetrana teh nangis bae,
sawengi teu koelem pisan,
sa' naon baleukarna,
reudjeung naha hate ratoeg,
sesedetan seseblakan.

9. Asa lealeus toelang sandi,
naha engkang henteu damang,
ah pirakoe asana teh,
meureun ka aing njoeratan,
kotjap bae endjingna,
isoek-isoek enggeus djeboel,
djalma anoe mawa soerat.

Eta soerat koe Enden ngan sirik henteu dirontok, sabab moal ti saha deui, tangtoena oge ti djoengdjoenan, anoe 3 boelan deui baris ngarangkep deui.

Sanadjan Enden koe iboe diadoe-adoe, koedoe boeroe-boeroe kagoengan tjaroge ka noe sanes, namoeng Enden tetep nolak teu kersa, pokna bade ngasoeh moe rangkalih heula. Oge aja bidji does pameget anoe maksad mi hoekoem ka Enden Titi, tapi an djeunna teu kersaeun bae.

Kerewek amplop diboeka, mananah woewoeh seseblakan bae, klien oenggelna:

Enden Titi di Tjiboejoet.

Enden ieu soerat panoetoepan, ti semet ajeuna, moal deui-deui papanggih djeung toelisan engkang, iwal toelisan noe katoekang-toekang, ari sababna ajeuna engkang geus teu aja dialam doenja, tapi geus aja di alam kalanggengan, anoe moal bisa deui nintjak alam noe geus kasorang.

Enden! djoengdjoenan ati engkang doenja acherat, oelah bendoe ka engkang, reh dina waktoe gering henteu ngabedjaan. Ari sababna sanadjan engkang ngabedjaan oge, tjoemah da Enden moal kersa angkat ka roemah sakit, sabab tangtoe moal diwidian koe iboe. Sok komo ngalajad, koe Enden mah kaseboet teu penting, geuning tjatjakan doeriat oerang keur pada beurat oge, Enden mah gampang pisan kairoet koe saoer manis teh, loeas nolas iklas ka engkang.

Enden! engkang noe matak gering teh, taja lian ngan lantaran ti Enden woengkoel, nja gede doeriat tea. Sanadjan ieu kalepatan aja di iboe Enden, tapi koe engkang mah beunang disebetkeun gegedena kalepatan teh aja di Enden.

Naon sababna?

Kieu geura: Sanadjan iboe maksa miwarang pegat ka Enden, lamoen koe Enden teu ditoemoet mah, moal kadjadian. Tapi kitoe deui sakalepatan Enden sakitoe, koe engkang diham poera pisan. Kitoe deui engkang ngadoengakeun pisan, moega-moega Enden sing meunangkeun adoena, babadna ka menak deui, soepaja djadi rapihna djeung iboe.

Oge kalepatan teh lain di Enden djeung iboe bae, sanadjan di engkang oge aja, nja eta naha atoeh engkang teh kawin ka Enden. Lebah dinja engkang henteu bisa ngoekoer badjoe ka badan teu merenah, poegoeh - poegoeh tjatjah make hajang ka menak.

Enden! lamoen Enden tjarogean deui, oelah rek disiksa tjara ka engkang, peupeudjeuh oelah, djeung Enden koedoe inget, geuning engkang oge kieu kadjadianana, anoe keur soeka gede doeriat dipegatkeun teh.

Enden! pangoendjoekeun ka mama, engkang kedah didoengakeun kitoeh, moega-moega imaw islam engkang ditarima koe Goesti Noe Maha Soetji.

Ari boedak, bisi Enden ngarasa koerang loegina, leuwih hade anteurkeun ka doeloer engkang di Tjikoeja, sabab engkang dina waktoe masih gering geus njarita.

Ngan sakieu engkang bisa noelis, sabab kaboeroe manten engkang henteu koeat.

Pileuleujan Enden, moega-moega di acherat bisa patepoeng deui!

Engkang
Ana.

Satamatna maos serat, leng Enden kapoekan, ngaroempoejoek, taja tangan pangawasa, lesoe loengse teu aja tanaga.

Iboe ramana katjida kageteunana, sarta teroes Enden dikompres koe tjiatah. Sapandjang ngompres, rama Enden teu weleh-weleh njeukseukan ka garwana: „Toeh, mana ti bareto oge koedoe noeroet kana omong akang, koemaha ari geus kieu?" bari ngopjok-ngopjok sirah poetrana.

*Teraskeuneun.*